

YON GID POU AMELYORE REKIPERASYON OU APRE OPERASYON OUVÈ

Massachusetts General Hospital
Divizyon Jinekoloji Onkoloji

Ti liv sa a fèt pou ede w konprann epi prepare pou operasyon w la.
Tanpri li li byen epi revize li ak fanmi w ansanm ak klinisyen w anvan
operasyon an epi pote l avèk ou jou operasyon an.

Enfòmasyon sou operasyon mwen an

<u>Dat</u> Operasyon:		
<u>Lè</u> Operasyon:		Ou dwe rive 2 èdtan anvan lè operasyon pwograme a
Nimewo Biwo:	617-724-4800 opsyon 5	
Chirijyen ou a (yo):		

***SISPANN TOUT MANJE SOLID a 10PM nan aswè anvan operasyon an; pasyan ki sibi yon preparasyon entesten dwe sispann tout manje solid apre manje maten jou anvan operasyon an.**

***Ou ka bwè likid klè jiska 2 èdtan anvan Operasyon an (gade pi ba a pou plis detay)**

Note:

Jou anvan operasyon an, tanpri swiv rejim chirijyen ou preskri. Si ou pa genyen youn, tanpri manje ak bwè jan ou ta fè nòmalman. Tanpri asire w ke ou byen idrate.

Si ou gen dyabèt epi sik nan san ou ba oswa ou kòmanse santi sentòm sik nan san ba, tanpri bwè yon likid klè ak sik, tankou ji pòm, ji rezen oswa soda regilye. Si sa pa ede, tanpri bwè oswa manje nenpòt likid ki pral ogmante sik nan san ou. Kèlkeswa sa, li pi bon retade operasyon ou pase inyore yon sik nan san ki ba.

Tab Matyè

Entwodiksyon	4
Ki sa ki pwogram ERAS la?.....	4
Konbyen tan mwen pral nan Lopital la?.....	4
Anvan Operasyon w la	
Kouman mwen ka prepare pou Operasyon mwen an?.....	5
Apèl Telefonik Anvan-Operasyon.....	6
Twous Anvan-Operasyon / Twous preparasyon entesten	7-8
Enstriksyon pou pasyan SAN yon preparasyon entesten	9
Lis Travay ou a pou pasyan SAN yon preparasyon entesten.....	10-11
Enstriksyon pou pasyan AK yon preparasyon entesten	12
Lis Travay ou a pou pasyan AK yon preparasyon entesten.....	13-14
Nan jou Operasyon an	
Lè w rive lopital la	15-16
Apre Operasyon	
Sal Rekiperasyon/PACU.....	17
Kontwòl Doule	18
Kilè mwen ka kòmanse bouje, chita, ak mache?.....	19
Kilè mwen ka kòmanse manje?.....	20
Kilè yo pral retire katetè pipi mwen an?.....	21
Kilè mwen ka ale lakay?.....	22

Entwodiksyon

Ti liv sa a se yon pati nan pwogram ERAS (Rekiperasyon Amelyore Apre Operasyon, Enhanced Recovery After Surgery - an Anglè) Chiriji Jinekoloji Onkoloji Mass General Brigham Healthcare System ki se pratik estanda kounye a pou tout pasyan GYN ki pwograme pou isterektomi ouvè nan Partners Healthcare System ak lopital ki afilye yo.

Ki sa ki Pwogram ERAS la?

Pwogram sa a diferan de apwòch tradisyonèl operasyon an e li te montre amelyore rekiperasyon pasyan apre operasyon an ansanm ak diminye konplikasyon; diminye kantite jou ou rete nan lopital la epi redwi reyadmisyon nan lopital la apre operasyon an. Nou vle ou menm, pasyan an, tou pou w yon patisipan aktif nan pwosesis rekiperasyon an. Objektif jeneral la se pou ou gen yon pi bon eksperyans chirijikal epi retounen nan nòmal pi vit ke posib. Avèk èd ou, nou ka reyalize objektif sa yo.

Pwogram sa a fèt pou w ka toujou patisipe aktivman nan rekiperasyon w anvan ak apre operasyon w la. Gid sa a divize an de etap:

1. Anvan Operasyon w la
2. Apre Operasyon w la

Chak etap nan pwogram sa a prepare pou minimize doulè ou, evite konplikasyon, epi pèmèt pou w rekòmanse nan manje ak aktivite pi bonè.

Konbyen tan mwen pral nan lopital la?

Si w ap fè operasyon ouvè epi ou pa gen okenn pwoblèm apre pwosedi w la, ou ka ale lakay ou le pli vit swa nan landmen oswa nan de jou apre operasyon an. Paske nou fè plizyè kalite operasyon ouvè pou plizyè rezon diferan, sejou pa ou a ka pi long. Objektif la se pou w egzeyate pi vit ke posib, paske ogmante longè rete nan lopital la lye ak ogmante konplikasyon apre operasyon.

Anvan Operasyon

Kouman mwen ka prepare pou operasyon mwen an?

Anvan Operasyon

1. **Egzèsis** amelyore repons kò a ak estrès ak amelyore kondisyon fizik, ki ede nan rekiperasyon. Si ou pa fè egzèsis regilyèman, li rekòmande pou kòmanse dousman. Egzèsis pa bezwen difisil, menm 15 - 30 minit mache chak jou pi bon pase pa fè egzèsis.

2. Nou konseye manje yon **rejim** varye ki an sante nan semèn anvan operasyon an. Sepandan, nan jou anvan operasyon an, ou ka ajoute manje ki gen anpil idrat kabòn (pòm detè, pasta, diri elatriye ki pèmèt kò ou "chaje ak idrat kabòn ", epi gen yon rezèv enèji, menm jan kourè maraton fè anvan yon kous.

Li vrèman sijere anpil pou w **sispann fimen** nèt omwen 3 semèn anvan operasyon w la, paske sa ap diminye chans pou konplikasyon nan poumon pandan ak apre operasyon an epi amelyore rekiperasyon w. Si w ta renmen plis enfòmasyon sou fason pou w kite fimen, tanpri pale ak doktè w, enfimiyè oswa famasyon w.

Evite konsomasyon **alkòl** omwen 24 èdtan (depreferans yon mwa) anvan operasyon ou an.

3. **Planifye davans.** Fè aranjman pou yon moun akonpaye w nan lè admisyon an ak nan lè egzeyat la. Fè preparasyon lakay ou anvan pou lè w ap rantre apre operasyon, asire w ke gen ase manje ak pwovizyon. Ou ta dwe kapab mache, manje ak pran swen tèt ou kòm dabitid, men ou ka bezwen kèk asistans siplemantè okòmansman nan men fanmi oswa zanmi, espesyalman pou evite travay difisil imedyatman apre operasyon ou tankou pou fè lesiv, netwayaj, fè makèt, elatriye.

Apèl Telefonik Anvan-Operasyon

Anvan operasyon ou a, w ap resevwa **2 apèl telefonik** nan men diferan manm ekip chirijikal la ki pral pase sou diferan pati nan swen ou:

❖ **Apèl telefonik de yon manm ekip anestezi a:**

- Apèl telefonik sa a pral pwograme alavans pou asire ke ou disponib pou pran apèl sa a.
- Pandan apèl sa a, yon founisè sante pral:
 - Revize ki medikaman ou ta dwe pran jou operasyon ou a epi, kilès, si genyen, ki bezwen sispann anvan operasyon an.
 - Poze kesyon pou evalye sante ou epi eksplike pwosesis operasyon an.

❖ **Apèl Telefonik de Kowòdonatè Chirijikal Chirijyen an:**

- 1-3 jou anvan operasyon an w ap resevwa yon apèl pou:
 - Finalize tan operasyon ou epi konfime egzakteman ki lè ou bezwen rive pou anrejistre.

Tanpri asire w ke ou gade sou lis bagay ki enkli nan pake sa a.

- ❖ Sa gen ladann:
- Enstriksyon pou beny/douch chlorhexidine
 - Enstriksyon pou preparasyon Mekanik entesten (Golytely)
 - Enstriksyon pou manje ak bwè jou anvan operasyon an
 - Enstriksyon pou antibyotik oral anvan operasyon an
 - Enstriksyon pou pran yon bwason idrat kabòn nan jou operasyon an

Si w toujou gen lòt kesyon apre w fin revize enstriksyon sa yo, tanpri kontakte biwo chirijyen w la.

Pake Anvan-Operasyon

Ou pral resevwa yon pake pre-chirijikal swa pa lapòs nan adrès lakay ou oswa nan biwo doktè w la ak bagay sa yo ladann:

- a. Enstriksyon ekri
- b. Yon boutèy savon Chlorhexidine (sa vle di, Hibiclens, Dyna-Hex)
- c. De boutèy Bwason Idrat kabòn

Bwason Idrat kabòn

Tanpri swiv enstriksyon ki nan ti liv ki enkli nan pake a konsènan konsomasyon bwason idrat kabòn nan. **PA** swiv enstriksyon ki sou boutèy yo menm.

Tanpri sonje ke sa a se pa yon preparasyon entesten, kidonk ou pa bezwen enkyete w pou w pre yon twalèt.

Si ou gen dyabèt, tanpri swiv rejim alimantè rekòmande ou epi pa konsome bwason idrat kabòn nan, paske li ka ogmante sik nan san ou.

Ou ka pran medikaman ou konn pran nan maten yo ak yon ti gòje dlo nan maten operasyon an.

Kòmanse konsome bwason idrat kabòn yo bay la 4 èdtan anvan epi fin bwè li oswa sispann bwè 2 èdtan anvan operasyon an.

Konsome yon bwason anvan idrat kabòn anvan operasyon an ap asire nivo sik nan san ou pi regilye pandan operasyon an ki pèmèt ou menm ak entesten ou refè pi vit epi geri pi vit.

Anplis de sa, si chirijyen ou panse gen nenpòt chans ke yo pral fè operasyon entesten, yo pral preskri w yon pake preparasyon entesten tou. Sa a sitou afekte pasyan ki gen Kansè Ovè.

Pake Preparasyon Entesten

- Si gen posibilite pou operasyon entesten, anplis de pake Anvan-Operasyon an, chirijyen ou a ap preskri w yon preparasyon entesten. Ou pral pran sa nan famasi Eksten MGH pou pasyan ekstèn ki nan etaj prensipal bilding Wang la.
- Yo pral preskri w swa Pake #1 oswa Pake #2 selon alèji ou yo. Sèl diferans ki genyen ant pake sa yo se antibyotik ki enkli ladan li.

- W ap jwenn yon ti liv nan pake a tou, ki gen yon plan wout pou w swiv, ki pral ba w enstriksyon pou chak jou.

Vizit adisyonèl posib anvan operasyon an:

Si w ap fè yon operasyon ki pral mande pou yon ileyostomi oswa kolostomi, ou ka gen yon randevou tou ak enfimyè swen blesi ostomi yo pou ansèyman anvan operasyon ou an.

Savon Chlorhexidine

Li rekòmande pou w pran douch oswa benyen byen chak jou ak savon Chlorhexidine yo bay la jan yo di w fè pi ba a:

- Si w te fè tèspou STAPH epi w pozitif, swiv enstriksyon biwo chirijyen w la bay pou w sèvi ak savon Chlorhexidine ak pomad mupirocin pou nen. Doktè w ap fè w konnen si w bezwen plis tèspou.

Sèvi ak savon sa a pral ede anpeche enfeksyon rive apre operasyon an. Evite raze bavant oswa zòn lenn w.

Pa mete poud, losyon, deyodoran, oswa pwodui pou cheve apre twazyèm douch la (sa vle di, jou operasyon w la).

Pa sèvi ak chlorhexidine sou tèt ou, figi ou, ak jenital ou.

Pa itilize si w fè alèji ak **Chlorhexidine**. Si w fè alèji, pale ak doktè w pou w itilize yon savon anti-bakteri pito.

Enstriksyon pou benyen ak savon Chlorhexidine:

- 1) Sèvi ak savon chlorhexidine yo ba ou olye de savon regilye. Pa sèvi ak tou de.
- 2) Chanpou/kondisyonèl cheve ou jan ou fè nòmalman anvan ou sèvi ak Chlorhexidine la.
- 3) Rense kò ou byen ak dlo.
- 4) Fèmen dlo a pou anpeche rensesavon Chlorhexidine la twò bonè.
- 5) Lave depi nan kou ale anba. Fè atansyon espesyalman pou lave sit chirijikal operasyon ou an. Asire w ou lave anndan lonbrit ou – ou ka sèvi ak yon aplikatè si w bezwen l pou ede ak sa.
- 6) Lave kò ou dousman pou 5 minit.
- 7) Pèmèt Chlorhexidine lan seche sou po ou pou 1 minit anvan ou rensel.
- 8) Ouvè dlo a, renses byen, epi seche ak yon sèvyèt pwòp.

Pou pasyan KI PA GEN yon preparasyon entesten

Manje yon manje maten, manje midi, ak dine ki byen balanse nan jou anvan operasyon an.

Li vrèman enpòtan pou ou pa manje okenn manje solid nan 8 èdtan apre lè operasyon an kòmanse. Sa a minimize chans ou genyen pou konplikasyon anestezi an. Nou mande pou tout pasyan yo sispann manje a 10 pm lavèy operasyon w la. Tanpri PA vyole enstriksyon sa a.

Menmsi ou pa manje solid, ou ka kontinye bwè likid klè jiska 2 èdtan anvan ou prezante w nan lopital la. Yon likid klè se nenpòt likid transparan (Bwason lèt, ki enkli lèt ak yogout, ak ji zoranj yo **PA** likid klè.)

REMAK: Tanpri swiv enstriksyon sa yo ak anpil atansyon, si ou konsome manje solid oswa likid ki pa klè pandan peryòd sa a sa ka mete efikasite nan operasyon ou an danje epi afekte rekiperasyon ou. Anplis de sa, manje oswa bwè lèt nan 8 èdtan anvan operasyon an jeneralman pral lakòz operasyon ou anile.

LIS SA POU FÈ POU PASYAN <u>KI PA GEN</u> YON PREPARASYON ENTESTEN	
De Jou Anvan Operasyon an	
Benyen ak Savon Chlorhexidine * Si yo te fè tè STAPH pou ou epi ou pozitif, swiv enstriksyon biwo chirijyen w la bay pou w sèvi ak savon Chlorhexidine ak pomad mupirocin nazal. Doktè w ap fè w konnen si w bezwen plis tè.	
Yon Jou Anvan Operasyon an	
Benyen ak Savon Chlorhexidine	
Oke pou w dejene, dine, ak soupe	
A 10 pm: <ul style="list-style-type: none"> ❖ Sispann manje tout manje solid oswa pwodui lèt ❖ Sispann moulen chiklèt epi sispann manje sirèt Tanpri Lè sa a, konsome LIKID KLÈ SÈLMAN- Gade Likid Klè ki pèmèt Anba a <i>Si chirijyen ou a te ba ou enstriksyon rejim espesifik nan preparasyon pou operasyon/pwosedi w tankou, enstriksyon preparasyon entesten, tanpri swiv yo ak anpil atansyon.</i> Tanpri kontinye bwè likid klè pandan tout aswè a, rete idrate	
<u>PÈMÈT</u> Dlo Ji (San Ma) Gatorade® (pa wouj) Te Nwa oswa Kafe Nwa (San Lèt/Krèm)	<u>PA PÈMÈT</u> Manje Solid / Lèt / Yogout Bwason Lèt (Smoothies) / Krèm Ji Zoranj / Lèt Soya Lèt Zanmann/Nwa

Anvan ou al kouche: Bwè 20 - 24 ons Gatorade (pa wouj)

Jou Operasyon an

Benyen ak Savon Chlorhexidine

Apati 4 èdtan anvan Operasyon an, ou ta dwe bwè 2 boutèy ki soti nan pake yo te voye lakay ou a pa lapòs oswa biwo chirijyen w la bay. Ou dwe sispann bwè 2 èdtan anvan operasyon.

Lè w bwè yon bwason idrat kabòn klè anvan operasyon an li ede kò ou pi byen reponn a estrès operasyon an.

Si ou gen dyabèt, tanpri swiv rejim rekòmande ou a epi pa konsome idrat kabòn nan, paske li ka ogmante sik nan san ou.

Si ou bliye bwè likid klè, sa OK. Pa bwè anyen nan moman sa a, n ap ba w likid klè atravè yon ENTRAVERNEZ lè w rive lopital la.

Pa pipi anvan ou prezante w pou operasyon ou. Yo ka mande w pou w bay yon echantiyon pipi si w gen mwens pase 55 an. (Yo p ap mande pou yon echantiyon pipi si ou te fè yon isterektomi ak/oswa te retire twonp falòp ou yo ak ovè yo deja)

Pou pasyan KI GEN POU FÈ yon preparasyon entesten

Manje byen nan maten alavèy operasyon an.

PA manje okenn manje solid **APRE** manje maten **ALAVÈY** Operasyon an. Ou ka sèlman bwè likid klè pou tout rès jounen an. Yon likid klè se nenpòt likid transparan (Bwason lèt, tankou lèt ak diferan kalite yogurt, ak ji zoranj yo **PA** likid klè.)

Preparasyon Mekanik Entesten (Laksatif)

Tanpri swiv enstriksyon yo ba ou lè w al pran pake ERAS ou a nan famasi MGH. Enstriksyon sa yo nan lis anba a tou. Preparasyon entesten an ap lache w epi li ka fè ou pou pou dlo. Se poutèt sa, li enpòtan pou replen likid w ap pèdi akòz laksatif la. Sa a pral tou anpeche nenpòt vètij, tèt fè mal oswa kè plen. Bwè likid klè jan sa dekri nan seksyon ki anba a, eseye evite bwason gaze oswa kabonize nan faz sa a paske yo pa ranplase dlo osi byen ke lòt likid tankou dlo oswa ji. Golytely a bay gratis nan pake preparasyon entesten an. Si w enkyete w pou w pa ka bwè anpil likid, gen lòt opsyon ki ka achte nan famasi a ki mande pou w bwè mwens (men yo pi chè). Tanpri rele biwo chirijyen ou a si w enterese nan yon preparasyon altènatif.

Pou fè GoLYTLEY a plis gou, ou ka glase li epi ajoute yon ti kantite sitwon oswa sitwon konsantre oswa pake Crystal Light pou ede bay bwason sa a gou.

Antibiyotik Oral

W ap bezwen pran 2 antibiyotik diferan oral aswè anvan operasyon w la. Antibiyotik sa yo enkli nan pake ou pral pran nan famasi MGH la.

Si w ap pran yon medikaman "statin" sa vle di atorvastatin (Lipitor) oswa simvastatin (Zocor), tanpri sispann medikaman sa a alavèy operasyon an paske li pa konpatib ak eritromisin

***REMAK:** Tanpri swiv enstriksyon sa yo ak anpil atansyon, si ou konsome manje solid oswa likid ki pa klè pandan peryòd sa a sa ka mete efikasite operasyon ou an danje epi afekte rekipirasyon ou, oswa operasyon ou a pral anile.*

Konsome yon bwason idratasyon-anvan anvan operasyon an ap asire nivo sik nan san ou pi konsistan pandan operasyon an ki pèmèt ou menm ak entesten ou refè pi vit epi geri pi vit.

LIS SA POU FÈ POU PASYAN <u>KI GEN</u> YON PREPARASYON ENTESTEN	
De Jou Anvan Operasyon	
Benyen ak Savon Chlorhexidine <ul style="list-style-type: none"> • Si yo te fè tè s STAPH pou ou epi ou pozitif, swiv enstriksyon biwo chirijyen w la bay pou w sèvi ak savon Chlorhexidine ak pomad mupirocin nazal. Doktè w ap fè w konnen si w bezwen plis tè s. 	
Yon Jou Anvan Operasyon an	
Benyen ak Savon Chlorhexidine	
OK pou manje manje maten (Sa a pral dènye repa solid ou nan jounen an) Tanpri apre sa, konsome LIKID KLÈ SÈLMAN- Gade Likid Klè ki pèmèt Anba a PA MANJE OKENN MANJE APRÈ MANJE MATEN Tanpri kontinye bwè likid klè pandan tout sware, rete idrate	
<u>PÈMÈT</u> Dlo Ji (San Ma) Gatorade ® (pa wouj) Te Nwa oswa Kafè Nwa (San Lèt/Krèm)	<u>PA PÈMÈT</u> Manje solid Lèt Yogout Bwason lèt (smoothies) Krèm Ji Zoranj Lèt Soya/Zanmann/Nwa
12 pm- 4 pm Bwè/Kòmpanse GoLYTLEY * Ou dwe fini sa a anvan Minwi *	
5 pm	Neomycin 1000 mg Metronidazole 500 mg (Erythromycin 500 mg si ou gen yon alèji Flagyl)
6 pm	Neomycin 1000 mg Metronidazole 500 mg (Erythromycin 500 mg si ou gen yon alèji Flagyl)

8 pm	Neomycin 1000 mg Metronidazole 500 mg (Erythromycin 500 mg si ou gen yon alèji Flagyl)
Anvan ou al kouche: Bwè 20 - 24 ons Gatorade (pa wouj)	
Jou Operasyon an	
Benyen ak Savon Chlorhexidine	
<p>Apati 4 èdtan anvan Operasyon an, ou ta dwe bwè 2 boutèy ki soti nan pake yo te voye lakay ou a pa lapòs oswa biwo chirijyen w la bay. Ou dwe sispann bwè 2 èdtan anvan operasyon an.</p> <p>Lè w bwè yon bwason idrat kabòn klè anvan operasyon an li ede kò ou pi byen reponn a estrès operasyon an.</p> <p>Si ou gen dyabèt, tanpri swiv rejim rekòmande ou a epi pa konsome idrat kabòn nan, paske li ka ogmante sik nan san ou.</p> <p>Si ou bliye bwè likid klè, sa OK. Pa bwè anyen nan moman sa a, n ap ba w likid klè atravè yon ENTRAVERNEZ lè w rive lopital la.</p> <p>Pa pipi anvan ou prezante w pou operasyon ou. Yo ka mande w pou w bay yon echantiyon pipi si w gen mwens pase 55 an. (Yo p ap mande pou yon echantiyon pipi si ou te fè yon isterektomi ak/oswa te retire twonp falòp ou yo ak ovè yo deja)</p>	

Preparasyon entesten yo fèt pou netwaye entesten ou de nenpòt rès manje oswa dechè. Sa a ede anpeche kontaminasyon pandan operasyon entesten ou a epi redui chans pou enfeksyon apre sa.

REMAK: *Tanpri swiv enstriksyon sa yo ak anpil atansyon, si ou konsome manje solid oswa likid ki pa klè pandan peryòd sa a sa ka mete efikasite operasyon ou an danje epi afekte rekipirasyon ou. Anplis de sa, manje oswa bwè lèt nan 8 èdtan anvan operasyon an jeneralman pral lakòz operasyon ou anile.*

Nan Jou Operasyon an (Tout pasyan yo)

Lè ou rive nan lopital la:

- **Pwosesis admisyon:** Tanpri antre nan antre prensipal lopital la oswa antre Wang Ambulatory Care Center. Ale nan 3yèm etaj la nan bilding Wang lan. Ou pral prezante w nan Sant Swen Operasyon (Peri-operative Care, CPC). Yon fwa rekonèt ou prezan yon lyezon ap mennen ou nan zòn nan yo resevwa moun anvan-operasyon.
- **Zòn preparasyon pou operasyon:** La a ou pral rankontre plizyè manm nan ekip chirijikal la.
 - ❖ **Swen Enfimyè:**
 - Yon enfimyè ki nan zòn anvan-operasyon an pral sèvi ak ti liv sa a avèk ou pou ede w prepare pou operasyon epi l ap revize eleman lis verifikasyon ou yo.
 - Enfimyè a pral mezire tou siy vital ou ak nivo glikoz.
 - Ou pral rankontre enfimyè a ki pral nan sal operasyon an tou.
 - ❖ **Ekip Anestezi:**
 - Pral bay medikaman nan bouch pou ede anpeche doulè, kè plen ak vomisman.
 - Mete yon liy ENTRAVENEZ nan venn ou pou bay likid, medikaman oswa san ki nesèsè pandan oswa apre operasyon an.
 - Revize opsyon pou jesyon doulè pandan ak apre operasyon.
 - ❖ **Ekip Chirijikal:**
 - Diskite sou pwosedi w la epi reponn nenpòt kesyon oswa enkyetid.
 - Finalize fòm konsantman yo.

Doktè anestezi a responsab pou pran swen vital ou (batman kè, tansyon, tanperati ak respirasyon), likid ak ranplasman san si sa nesèsè, ansanm ak konfò jeneral ou, nivo doulè pandan ak apre operasyon ou.

Lè ou rive nan lopital la (kontinye):

Sal operasyon: Ekip la pral ede w monte sou tab sal operasyon an epi y ap fè w alèz pandan y ap kontinye prepare w pou operasyon.

- a. **Liy ENTRAVENEZ** – yo ka mete yon lòt ENTRAVENEZ pou ede ak administrasyon medikaman ki nesèsè pou operasyon. Medikaman sa yo enkli antibyotik, medikaman pou doule, ak medikaman pou kè plen, elatriye.
- b. **Katetè pipi** - Y ap mete yon katetè pipi nan blad pipi w pou vide pipi. Anjeneral yo retire katetè sa a nan sal operasyon an anvan ou reveye. Si w ap fè yon operasyon ki pi konplèks, katetè a ka rete an plas pou jiska 72 èdtan. Okazyonèlman, katetè a ka rete pi lontan men sèlman nan sikonstans ki ra kote operasyon nan blad pipi rive.
- c. Yo pral ba w anestezi pou andòmi w.
- d. Ou ka resewa tou yon epidiral oswa yon blokaj nè, pou ede jere doule w pandan ak apre operasyon an. Doktè anestezi w la pral diskite avèk ou anvan operasyon w la.

Yon epidiral enplike nan enjekte medikaman pou doule nan yon zòn toupre mwal epinyè a. Se anestetis la ki fè sa. Medikaman sa yo travay nan angoudi nè ou yo pou bay soulajman doule nan sèten zòn nan kò ou. Epidiral ka itilize pandan operasyon an konbinezon ak sedatif ak anestezi men poukont yo tou.

Aprè Operasyon an

Sal Rekiperasyon/ PACU

Lè operasyon ou a fini, ekip la pral transpòte w nan inite rekiperasyon apre anestezi (PACU). Gen anpil chans w ap toujou gen dòmi anpil ak dezoryante. Sa a nòmal epi li gen rapò ak anestezi ou te resevwa pandan operasyon an. Li pral pran kèk tan pou efè medikaman sa yo fini nan kò w.

Ou pral pase omwen 2 èdtan nan sal rekiperasyon an pandan yo pral ap kontwòle w apre operasyon an. Pandan tan sa a, ou ka atann pi fò nan bagay sa yo:

- ❖ Enfimyè yo ap tcheke siy vital ou yo souvan – tansyon, batman kè, respirasyon ak tanperati, nivo glikoz nan san ak blesi operasyon ou ak pansman ou.
- ❖ Ekip anestezi ap tcheke nivo doulè ou.
- ❖ Ou ka gen yon epidiral an plas pou kontwòle doulè ak/oswa yon blokaj nè espesyal ki kouvri ensizyon chirijikal la.
- ❖ Rete sou oksijèn – swa nan nen ou oswa nan yon mask
- ❖ W ap konekte ak yon ENTRAVENEZ pou likid ak medikaman pou doulè

Yon fwa w fin etabli nan PACU a, 1-2 manm fanmi/zanmi ka gen dwa vizite pou yon ti tan. Lè ekip la santi ke ou estab epi doulè ou kontwòle, yo pral transfere ou soti nan sal rekiperasyon an nan chanm yo asiyen ou nan lopital la.

Kontwòl Doule

Bon kontwòl doule se yon pati enpòtan nan pwosesis rekiperasyon an. Ou ta dwe espere rankontre kèk doule apre operasyon. Pa gen okenn fason pou elimine doule konplètman, men gen yon varyete fason pou ede jere doule ou. Tanpri fè enfimyè w oswa doktè w konnen si w gen nenpòt doule oswa malèz. Objektif nou se pou w gen yon nivo doule 3 oswa mwens apre operasyon (gade anba a)

Objektif nou se kenbe doule ou nan yon nivo ki pèmèt ou dòmi ak repoze pi byen, respire pi fasil, kòmanse bouje byen vit apre operasyon an, kòmanse manje pi bonè. Sa a enpòtan paske li ede anpeche konplikasyon tankou boul nan san ak nemoni. Mache kapab itil tou pou fonksyon entesten an retounen, epi mete ou sou wout la pou rekipere.

Echèl Entansite Doule

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Pa gen Doule				Doule Modere					Pi Move Doule Posib

Aktivite apre operasyon: Kilè mwen ka kòmanse bouje, chita, ak mache?

Kou ou reveye ou ka kòmanse bouje, sepandan li pi bon pou toujou pwogrese dousman. Se poutèt sa, ou ta dwe kòmanse dabò ak kèk egzèsis janm debaz tankou jwe zòtèy ou, etann janm ou dwat ak wotasyon pye ou. Fè sa yo pou kèk minit chak demi èdtan, epi li pral ede w reprann ou pi bonè. Sispann fè sa si li lakòz doulè epi fè enfimyè w oswa doktè w konnen.

- **3-6 èdtan apre operasyon an:** Ou ka pare pou chita nan rebò kabann lan oswa menm yon chèz menm jou operasyon an. Enfimyè w ap ede w, sitou premye fwa w ap leve. Ou kapab fè yon ti mache tou si ou santi ou byen. Li enpòtan pou toujou gen yon moun tou pre pou asistans paske ou ka fèb ak enstab sou pye ou.

Evite mouvman ak kouche nan kabann pou yon peryòd pwolonje ka mennen nan konplikasyon tankou kayo, maleng kabann ak feblès nan misk. Sa a pral anpeche rekipasyon ou.

- **Nan jou apre operasyon an:** Kòmanse nan jou apre operasyon an, objektif la pral pou w soti nan kabann omwen 3 oswa 4 fwa pa jou epi fè pwomnad nan koulwa a. Nou espere tou pou w chita sou yon chèz pou manje. Pral gen yon moun pou ede w fè sa depi nan konmansman jiskaske ou gen fòs ase pou leve pou kont ou.

Apre operasyon ouvè, entesten ou ka sispann mouvman pou yon ti tan. Si sa rive, ou ka santi anvi vomi ak gonfleman epi li ka pwolonje rekipasyon ou. Ou ka evite sa a pa mache souvan ak moulen chiklèt.

- **Egzèsis pou respirasyon:** Li enpòtan pou w ka pran yon gwo souf apre operasyon an pou anpeche enfeksyon nan poumon. Pèsonèl enfimyè a ap montre w kèk egzèsis pou respirasyon ki itil. Li se yon bon konsèy tou pou pran kèk gwo souf pandan chak repo komèsyal pandan w ap gade televizyon. Fè ti egzèsis respirasyon sa yo omwen 5-10 fwa pa è pandan w pa dòmi.

Rejim apre operasyon: Kilè mwen ka kòmanse manje?

Avèk pwogram ERAS la, nou pral kapab avanse rejim ou a kòmanse menm jou operasyon an. Le pli vit ke w reveye ak alèt nan chanm PACU/Rekiperasyon la, y ap pèmèt ou pran ti kantite likid klè pa bouch.

1. Doktè w ap deside ki lè li apwopriye pou pèmèt ou kòmanse bwè likid. Kòm yon règ jeneral, likid ENTRAVERNEZ ou yo pral sispann nan 6 èdtan apre operasyon ou a oswa le pli vit ke ou ka tolere omwen 10 ons likid klè pa bouch.
2. Si ou pa gen okenn kè plen epi vant ou pa gonfle/balonnen, yo pral ka pèmèt ou avanse dousman nan yon rejim regilye dapre diskresyon chirijyen ou a. Anjeneral sa a fèt pa kòmanse ak kèk manje san gou, tankou pen griye ak ti biskwit anvan yo kite ou manje bagay ki pi lou. Ou pa bezwen manje si ou santi ou plen oswa balonnen. Li pi enpòtan pou rete idrate ak likid.
3. Doktè w la ka mande w tou pou ou pote chiklèt lakay ou pou w moulen pandan 30 minit twa fwa pa jou apre operasyon w lan.

Katetè pipi: Kilè yo pral retire katetè pipi mwen an?

- Pou kèk pasyan, yo pral retire katetè ou nan sal operasyon an anvan ou reveye de operasyon an.
- Pou operasyon ki pi konplèks ak pou pasyan ki gen epidiral, yo pral eseye retire katetè w nan demen maten apre operasyon pou minimize risk enfeksyon an. Si ou pa kapab fè pipi, yo pral remete katetè a pou kèk tan jiskaske kò ou pare.
- Pou pasyan ki gen operasyon sou blad pipi a, yo ka oblije ale lakay yo ak yon katetè.

Yo pral retire katetè pipi a atravè yon bagay ki rele "esè ranpli ak vide". Enfimyè a pral mete yon kantite dlo sèl mezire nan blad pipi ou atravè yon kanal nan katetè a. Sa pa p fè mal. Answit, yo pral retire katetè a epi yo pral mande w fè pipi. Si ou ka pipi yon gwo pòsyon likid la, sa vle di blad pipi a ap travay byen epi yo pa bezwen remete katetè a.

Yon fwa yo retire katetè pipi a, ou gen dwa ale nan twalèt la pou pipi. Ou ka espere li pran 6-8 èdtan anvan ou santi ou bezwen pipi, ki se nòmal.

*Si w kite katetè a pi lontan pase nesèsè, sa ka lakòz yon enfeksyon nan aparèy pipi a. Sentòm yon enfeksyon nan aparèy pipi yo enkli:
Doulè lè w ap pipi, Pipi souvan, Santi bezwen pipi malgre blad pipi a vid, Lafyè, ak doulè sou yon bò ou.*

Fè enfimyè w oswa doktè w konnen imedyatman si w gen nenpòt nan sentòm sa yo.

Egzeyat de Lopital la

Kilè mwen ka ale lakay?

Pou w pare pou egzeyat lopital la, ou dwe fè tout bagay ki endike anba la a:

- ❖ Doulè byen kontwole ak medikaman pou doulè pa bouch
- ❖ Kapab pran ase likid pou rete idrate

Si doulè ou byen kontwole epi w ap bwè ase, w ap egzeyate lakay ou, petèt jou apre operasyon an. Sinon, yo pral siveye w nan lopital la jiskaske objektif sa yo reyalize.

Anjeneral, li **PA** obligatwa pou ou pase gaz oswa fè pou pou anvan ou egzeyate, menm si nan kèk senaryo chirijyen ou a ka vle sa fèt.

Remake: Tanpri planifye aranjman apwopriye pou transpò k ap vin pran w nan lopital la ak swen nan kay la. Ekip ou a pral fè w konnen jou anvan egzeyat la si yo panse ou pare. Lè egzeyat se a 10:00 am. Si transpò ou a pa kapab nan MGH nan moman sa a, tanpri pa enkyete w. Nou pral ede w jwenn yon kote pou w konfòtab nan youn nan sal datant nou yo jiskaske yo rive.

Kisa k ap pase lè mwen ale lakay?

Nan 1ye jou apre egzeyat la, enfimiyè chirijyen w la ap rele w pou li tcheke w.

Dokiman egzeyat ou a ap gen preskripsyon ou yo ladan, kijan pou w pran yo, bagay pou w veve ak tout enfòmasyon kontak ki enpòtan yo. Si w gen yon kesyon pandan lè travay woutin yo, tanpri rele nimewo klinik yo bay la epi mande pou w pale ak yon enfimiyè. Si ou gen yon ijans epi li se apre lè ouvrab, ou ka swa voye mesaj bay doktè an sèvis oswa vin nan sal dijans la pou yo wè w.

N ap jwenn rapò patoloji yo nan 7-10 jou ouvrab apre operasyon an. Biwo a pral kontakte ou le pli vit ke nou gen sa yo ak plan tretman ou.

Pandan nou konnen ke fè operasyon ka yon evènman ki bay estrès, nou onore pou nou se ekip swen w. Nou espere travay avèk ou pou fè operasyon ou a pi bon eksperyans posib. Si w ta gen nenpòt enkyetid oswa kesyon apre w fin li liv sa a, tanpri kontakte biwo chirijyen w la.